



Pou Piblikasyon Imedya: 22/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KOMITE KONSILTATIF MOUN KI KONSÈNE YO  
POU PLAN DIREKTÈ POU GRANMOUN AJE ETA NEW YORK LA**

***Plan Direktè pou Granmoun Aje a fè apèl ak 28 ekspè nan politik, sipò, enfrastrikti  
kominotè ak sèvis sante ki favorab pou granmoun aje***

***Ekspètiz manm komite yo pral konseye plan pou devlope kominote ki an sante, ki  
enkizif pou Nouyòkè ki aje yo***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a komite moun ki konsène yo ki gen tach pou konseye Konsèy Plan Direktè pou Granmoun Aje (Master Plan for Aging Council) a, ki ap devlope premye Plan Direktè Eta a pou Granmoun Aje, yon dokiman gid pou ede asire ke granmoun Nouyòkè yo ka viv yon lavi ki an sante epi ki konplè pandan y ap vyeyi ak diyite ak endepandans. 28 manm yo te nonmen nan Komite Konsiltatif Moun ki Konsène yo pral bay ekspètiz yo sou politik, sipò ak sèvis sante ki favorab pou granmoun aje pou gide Konsèy Plan Direktè pou Granmoun Aje a pandan l ap devlope yon plan konplè pou satisfè bezwen sosyo-ekonomik tout jenerasyon Nouyòkè yo pandan y ap vyeyi.

"Tout Nouyòkè merite aje nan kominote pa yo ak diyite ak endepandans", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Opinyon moun ki konsène sa yo bay yo pral bay kad Plan Direktè pou Granmoun Aje a epi gide efò nou yo pou asire Nouyòkè ki aje yo gen aksè ak bon jan kalite swen alontèm nan kominote ki an sante wpi ki vivab, kote yo ka pwospere."

Komite konsiltatif moun ki konsène yo pral asire ke ekspè prensipal yo ak piblik la an jeneral gen gwo kontribisyon nan plan an epi finalman ede etabli direktiv pou politik ki favorab pou laj yo pou bay opòtinite pou Nouyòkè ki gen tout kategori laj yo. Reprezantan yo enkli sèvis swen sante ak sipò yo; konsomatè yo; moun kap bay swen enfòmèl yo; granmoun aje yo - patikilyèman moun ki nan kominote yo ki fè fas ak disparite; konpayi plan sante, òganizasyon mendèv ak òganizasyon kominotè yo, anplwayè yo, ekspè sou granmoun aje, ak chèchè akademik, pou site sa yo sèlman.

Komite a gen pou l konsidere kòmantè ak opinyon nan men ekspè kamarad yo nan domèn respektif yo atravè yon seri sesyon angajman moun ki konsène yo. Anplis de sa, komite a pral angaje yo nan sesyon ekout reyonal yo nan mwa kap vini yo, sa k ap bay

yon opòtinite pou jwenn opinyon dirèk nan men piblik la sou pwoblèm ki enpòtan pou yo ansanm ak solisyon yo pwopoze.

Mwa pase a, Gouvènè Hochul te siyen yon [Dekrè Egzekitif](#) ki tabli Plan Direktè pou Konsèy Aje a epi ki te bay li pou rasanble opinyon nan men moun ki konsène yo pou li ekri konsèy pou konstwi kominote ki an sante, ki vivab epi ki ofri opòtinite pou granmoun aje yo. Se Asistan Komisè Depatman Sante Eta a pou Granmoun Aje ak Swen Alontèm, Adam Herbst ki prezide konsèy la, epi Direktè Biwo pou Granmoun Aje a Greg Olsen ap sèvi kòm vis-prezidan, ak komisyonè ak direktè ajans eta ki enpòtan yo kòm manm li.

Konsèy la te dekri kad pou konpozisyon komite moun ki konsène yo nan reyinyon inogirasyon li nan kòmansman mwa sa a. Komite Konsiltatif Moun ki Konsène yo gen ladann:

Jessica Bacher	Pace Land Use Law Center
Stephen Berger	Odyssey Partners
Dr. Jo Ivey Boufford	Robert F. Wagner Graduate School of Public Service, NYU
Dr. Thomas Caprio	Finger Lakes Geriatric Education Center
Ann Marie Cook	LifeSpan of Greater Rochester
Sara Czaja, PhD	New York-Presbyterian Hospital, Weill Cornell Medicine
Emma DeVito	VillageCare
Ruth Finkelstein, PhD	Brookdale Center for Healthy Aging
Dr. Linda Fried	Columbia University, Mailman School of Public Health
Doris Green	New York State Caregiving & Respite Coalition
Kathryn Haslanger	Jewish Association Serving the Aging
Linda James	Former Kinship Caregiver
Stuart C. Kaplan	Selfhelp Community Services
Scott LaRue	ArchCare
Stephanie Lederman	American Federation for Aging Research
Lora Lee La France	St. Regis Mohawk Office for the Aging
Raj Mehra	Sage
George Nicholas	African American Health Equity Task Force
Allison Nickerson	LiveOn NY
Karen Nicolson	Center for Elder Law and Justice
Wade Norwood	Common Ground Health
Nora O'Brien-Suric	Health Foundation for Western and Central New York
James O'Neal	AARP New York
Dennis Rivera	Former Chairman of Medicaid Re-Design Team
Dan Savitt	VNS Health

Helen Schaub	1199/SEIU
Timothy Seymour	Herkimer County Dept. of Social Services
Pat Wang	Healthfirst

**Komisè Depatman Sante Eta New York la, Doktè Mary T. Bassett, te**

**deklare,** "Mwen vle felisite Gouvènè Hochul paske li bati sou istwa long Eta a nan bay yon pakèt sèvis swen alontèm ak sipò nan travay pou kreye premye Plan Direktè Eta a pou Aje a. Etablisman Komite Konsiltatif sa a pral kontribiye yon fason sinifikatif nan direksyon vizyon nou genyen pou yon sistèm swen alontèm ki pa chè, ki aksesib, e ki kapab satisfè bezwen patikilye ak atant chak moun li sèvi."

**Greg Olsen, ki se Direktè Biwo Eta New York pou Granmoun Aje a, te**

**deklare,** "New York se depi lontan yon lidè nan kowòdone politik ki favorab pou granmoun aje atravè pwogram ak politik ajans eta yo, soti nan enfrastrikti kominotè rive nan sipò sante mantal ki favorab pou granmoun aje, devlopman ekonomik ak sèvis ki baze sou kominote a, ak plizyè douzèn lòt domèn ki gen rapò ak li. Gras ak Gouvènè Kathy Hochul, Pwosesis Plan Direktè Eta a pou Granmoun Aje a kounye a ap pouswiv yon nivo kowòdinasyon san parèy, ki reyini ekspè pandan tout lavi yo sou yon plan nouvo opòtinite pou Nouyòkè yo pandan y ap vyeyi, paske yo rekonèt kominote ki favorab pou granmoun aje yo se kominote ki sipòte tout fanmi, kèlkeswa laj yo."

**Asistan Komisè Depatman Sante Eta New York la pou Granmoun Aje ak Swen**

**Alontèm, Adam Herbst te deklare,** "Gouvènè Hochul bay nou pouvwa pou konstwi yon sistèm sipò pou moun ki aje ki pral efikas, efisyen, ak transparan. Atravè Plan Direktè pou Granmoun Aje a, Biwo pou Granmoun Aje ak Swen Alontèm (Office of Aging and Long-Term Care) lan pral fè patenarya ak Komite Konsiltatif Moun ki Konsène yo pou konsidere yon moun nan tout entegralite li pandan n ap defann byennèt Nouyòkè ki aje yo. Plan Direktè pou Grnmoun Aje a ba nou opòtinite pou nou konsidere entèseksyon ant faktè tankou mendèv, lojman, inegalite istorik, ak sipò famiyal nan kreye yon sistèm pou granmoun aje ki fonksyone pou tout moun."

Gouvènè Hochul kontinye defann inisyativ pou konstwi yon New York ki pi favorab pou granmoun aje, ke AARP ak Òganizasyon Mondyal Sante (World Health Organization, WHO) te deziyen kòm premye eta ki favorab pou granmoun aje nan nasyon an nan ane 2017. Bidjè ane sa a bay 181.5 milyon dola nan finansman eta ak 114.9 milyon dola nan finansman federal pou pwogram Biwo pou Granmoun Aje a ki sipòte endepandans granmoun aje New York yo ak moun k ap bay yo swen yo.

Gouvènè Hochul te mete ansanm ak Lejislati eta a tou pou [ogmante kalifikasyon](#) nan Medicaid ak Pwogram Epay Medicare pou granmoun aje yo. Pou Nouyòkè ki gen laj 65 ane oswa plis, limit revni yo pral ogmante a 138 pousan nan nivo povrete federal la pou asire ke plis Nouyòkè gen aksè ak yon kouvèti asirans sante ki fyab ak abòdab.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418